

Politik ak Pwosedri Resous Zimèn pou Tout Antrepriz la

| | | | |
|-------------------------------------|---------------------------------------|--------------------------|------------------|
| Sijè: SEKIRITE ENFOMASYON | Anplwaye ki Afekte yo: Tout | Politik # HREW | Rev. 2 |
|-------------------------------------|---------------------------------------|--------------------------|------------------|

OBJEKTIF

Objektif politik sa a se pou etabli epi kominike ak anplwaye yo sou direksyon jeneral pou inisyativ sekirite enfòmasyon yo nan Cleveland Clinic, konsènan pwoteksyon tout enfòmasyon konfidansyèl, prive, restren kont aksè ki pa otorize (kit li entansyonèl oswa aksidantèl), piblikasyon, modifikasyon oswa destriksyon kèlkeswa fòm a (papyè, elektwonik/dijital, elatriye). Politik sa a genyen kòm sipò politik, estanda, pwosedri, ak direktiv ki nan Manyèl Vi Prive sou Entènèt ak Sekirite (Online Privacy and Security Manyal) Cleveland Clinic lan, piblikasyon, rapèl sou Vi Prive ak Sekirite Enfòmasyon Cleveland Clinic ak/oswa manyèl depatmantal yo.

Tout politik, estanda, pwosedri ak direktiv sou Sekirite Enfòmasyon yo, se règlemantasyon/lwa federal/eta, obligasyon kontra, ajans règlemantasyon tyès oswa ki fè pati apwòch yon “bon pratik endistri an” sou sekirite enfòmasyon yo.

POLITIK


Politik Sekirite enfòmasyon sa a aplike pou tout òdinatè, sistèm rezo, ak enfòmasyon elektwonik Cleveland posede epi/oswa administre ak/oswa tout sistèm enfòmatis ki konekte nan rezo Cleveland Clinic yo. Nan menm fason an, politik sa a aplike ak tout platfòm yo (sistèm esplwatasyon), tout gwosè òdinatè (òdinatè pòtab ak santral yo), ak sistèm lojisyèl (kit li devlope sou plas oubyen nou achte li nan men yon lòt konpayi) Politik lan kouvri enfòmasyon ki ap trete atravè òdinatè ak/oswa rezo enfòmatis. Menm lè dokiman sa a fè mansyon vwa ak papyè, li pa jere dirèkteman sekirite enfòmasyon ki nan fòm sa yo. Pou enfòmasyon sou pwoteksyon enfòmasyon ki sou fòm papyè, gade politik 905 sou Klasifikasyon Enfòmasyon ak Sistèm lan.

WOL AK RESPONSABLITE

Wòl Itilizatè: Tout papyè oswa enfòmasyon elektwonik ki estoke oswa transmèt sou sistèm enfòmatis Cleveland Clinic yo se pwopriyete Cleveland Clinic epi yo dwe jwenn pwoteksyon kont aksè ki pa otorize, piblikasyon, konpwomi, oswa destwiksyon. Chak moun ki asosye ak Cleveland Clinic, kèlkeswa pozisyon yo (doktè, anplwaye, kontraktè, konsiltan, tanporè, patnè biznis, volontè, elatriye.) ki vini an kontak ak enfòmasyon oswa sistèm enfòmasyon Cleveland Clinic yo, dwe konfòme yo ak politik Sekirite enfòmasyon yo nou jwenn nan sa a ak Sekirite Enfòmasyon ki gen rapò ak/oswa politik, pwosedri, ak direktiv Vi Prive.

Wòl Depatman yo: Chak depatman nan Cleveland Clinic responsab pou aplike sa a ak politik ki lye ak li yo nan itilizasyon pwosesis, estanda ak direktiv Depatman Sekirite Enfòmasyon Cleveland Clinic lan te etabli. Responsablite yo gen ladan yo:

- Kenbe enfòmasyon sou akonplisman nan sekirite enfòmasyon ak zòn pou amelyorasyon yo.
- Ede nan idantifikasyon, klasifikasyon ak asire sekirite enfòmasyon konfidansyèl ak restren yo.
- Etabli pwosesis pou oryante, antrene, ak mete pèsònèl depatmantal la ajou nan obligasyon sa a ak politik ki anrapò ak yo.
- Bay enfòmasyon ki anrapò ak sekirite enfòmasyon, konfidansyalite, ak vyolasyon vi prive nan depatman an bay Sekirite Cleveland Clinic lan ak Biwo Vi Prive yo.

| | | | | |
|---|---------------------------------------|---|---|---------|
| Dat Efektif: 15/08/1995 26/07/2013 | Dat Piblikasyon: 01/08/1990 | Moun ki Prepare li a: Mark Dill | Apwobasyon:  J. Patranchak | 1 sou 5 |
|---|---------------------------------------|---|---|---------|

Politik ak Pwosedri Resous Zimèn pou Tout Antrepriz la

| | | | |
|-------------------------------------|---------------------------------------|--------------------------|------------------|
| Sijè: SEKIRITE ENFOMASYON | Anplwaye ki Afekte yo: Tout | Politik # HREW | Rev. 2 |
|-------------------------------------|---------------------------------------|--------------------------|------------------|

Wòl Depatman Sekirite Enfòmasyon an

Depatman Sekirite Enfòmasyon Cleveland Clinic lan (“Depatman an”) responsab pou etabli epi kenbe politik, estanda, pwosedri ak direktiv sekirite enfòmasyon yo pou tout antrepriz la. Depatman an bay direksyon ak ekspètiz teknik pou bay yon asirans rezonab enfòmasyon Cleveland Clinic yo resevwa pwoteksyon apwopriye.

Depatman an aji tankou yon lyezon ant tout departman Cleveland Clinic yo, divizyon ak enstiti pou zafè sekirite enfòmasyon epi li se pwen fokal pou tout aktivite sekirite enfòmasyon atravè Cleveland Clinic. Depatman an fè evalyasyon risk, prepare plan aksyon, evalye pwodui founisè yo, patisipe nan devlopman pwojè yo, asiste nan aplikasyon kontwòl yo, kowòdone aktivite Rekiperasyon Dezas enfòmasyon, epi mennen ankèt sou vyolasyon sekirite enfòmasyon.

Tout sousi sekirite enfòmasyon ak/oswa pwoblèm yo dwe dirije bay Depatman Sekirite Enfòmasyon an. Sèvi ak konsiltan ekstèn, ekip repons sekirite enfòmasyon ekstèn, oswa lòt moun ki deyò espesifikman entèdi amwenske sa yo gen yon apwobasyon nan men Depatman an.

Kowòdinasyon Aktivite Desantralize yo

Administrasyon Sekirite nan Cleveland Clinic se alafwa yon efò santralize ak youn ki desantralize; tou depan sit, platfòm, ak/oswa aplikasyon, responsablite pou administrasyon sekirite gendwa santralize, desantralize oswa toude. Yo atann endividi ak/oswa gwoup ki responsab pou sipò desantralize oswa administrasyon yon sistèm enfòmasyon oswa aplikasyon yo pou yo travay nan kolaborasyon ak Depatman Sekirite Enfòmasyon an, nan lide pou aliyen politik, estanda, pwosedri ak direktiv yo epi amelyore nivo sekirite ak nivo vi prive an.


DISPOZISYON JENERAL

Prensip Sekirite Enfòmasyon

Enfòmasyon se yon byen, tankou tout lòt byen biznis ki enpòtan, li gen valè pou yon òganizasyon epi li dwe resevwa pwoteksyon ki apwopriye, sekirite enfòmasyon pwoteje enfòmasyon kont yon pakèt menas yon fason pou anpeche vyolasyon règlemantasyon pasyan an, asire kontinite biznis lan, minimize domaj pou biznis lan epi maksimize retou sou envestisman ak opòtinite biznis yo. Enfòmasyon ki genyen ladann, men li pa limite ak, done enprime, ekri, elektwonik, videyo, ak odyo, yo ta dwe pataje, estoke, ak pwoteje ak mwayen sovgad ki apwopriye yo.

Sovgad ki Rezonab epi Apwopriye

Nou rive gen sekirite enfòmasyon gras ak aplikasyon yon seri kontwòl administratif, fizik epi teknik ki rezonab epi apwopriye ki gen ladan yo politik, pratik, pwosedri, estrikti òganizasyonèl, fonksyon lojisyèl ak plis. Kontwòl sa yo etabli pou asire objektif espesifik sekirite òganizasyon an atenn.

| | | | | |
|---|---------------------------------------|---|---|---------|
| Dat Efektif: 15/08/1995 26/07/2013 | Dat Piblikasyon: 01/08/1990 | Moun ki Prepare li a: Mark Dill | Apwobasyon:  J. Patrnochak | 2 sou 5 |
|---|---------------------------------------|---|---|---------|

Politik ak Pwosedir Resous Zimèn pou Tout Antrepriz la

| | | | |
|-------------------------------------|---------------------------------------|--------------------------|------------------|
| Sijè: SEKIRITE ENFOMASYON | Anplwaye ki Afekte yo: Tout | Politik # HREW | Rev. 2 |
|-------------------------------------|---------------------------------------|--------------------------|------------------|

Pwopriyete Enfòmasyon yo ak Dwa Aksè yo

Tout aplikasyon òdinatè ak enfòmasyon devlope pou inite travay espesifik Cleveland Clinic yo. Inite travay Cleveland Clinic yo (pa egzanp seksyon, depatman, divizyon ak enstiti) se “Pwopriyete Done yo” pou tout aplikasyon òdinatè ak enfòmasyon ki devlope pou inite yo an. Pwopriyete Done yo responsab pou asire entegrite enfòmasyon yo epi detèmine kiyès ki gen dwa jwenn aksè ak done sa yo. Inite yo gendwa deziyen yon pèsònèl espesifik antanke Pwopriyete Done yo.

Jesyon Enfòmasyon yo

Swen ak pwoteksyon (“jesyon”) tout Enfòmasyon Cleveland Clinic yo se responsablite anplwaye an oswa moun ki otorize ki posede oswa ki ap sèvi ak enfòmasyon an nan yon moman done. Kèlkeswa moun ki se Pwopriyete Done a oswa mwayen yo te sèvi pou jwenn enfòmasyon yo (telechaje, televèse, aksè entènèt nòmal, elatriye.), itilizatè oswa detantè Enfòmasyon Cleveland Clinic la responsab pèsònèlman pou pwoteksyon li dapre politik sa a.


Klasifikasyon Enfòmasyon

Pou sipòte prensip aksè ak enfòmasyon an sou yon baz “bezwen konnen”, Cleveland swiv yon sistèm klasifikasyon enfòmasyon. Sistèm klasifikasyon sa a egziste non sèlman pou pwoteje enfòmasyon ki esansyèl pou pasyan yo ak Cleveland Clinic men pou ede detèmine “kiyès” ki gendwa gen aksè ak “ki” done andedan estrikti Cleveland Clinic lan. Pou plis enfòmasyon, gade Politik Klasifikasyon Done 801CCHS la.

Kontwòl Aksè Obligatwa yo

Yo ta dwe aplike kontwòl aksè ki vini annapre yo pou chak òdinatè ak sistèm enfòmasyon Cleveland Clinic.

- **Itilizatè otorize sèlman** – Tout PCS ki pa piblik yo rezève pou itilizatè otorize Cleveland Clinic sèlman. Itilizasyon ki pa otorize fòmèlman entèdi.
- **Idantifikasyon ak idantifikasyon** – Tout itilizatè ta dwe genyen yon Idantifikasyon itilizatè inik ak modpas pou gen aksè ak rezo, sistèm ak/oswa aplikasyon sansib Cleveland Clinic yo
- **Idantifikasyon Itilizatè ak Modpas Sekirize** – Idantifikasyon Itilizatè ak modpas yo ta dwe rete sekre epi se sèl itilizatè a ki ta dwe konnen li; modpas yo ta dwe rete sekre e se itilizatè a sèlman ki ta dwe konnen yo; modpas yo ta dwe gen yon longè enpòtan epi difisil pou devine.
- **Administrasyon Kont** – Sèlman pèsònèl otorize ak responsablite sekirite ta dwe kapab atribye ak kenbe kont koneksyon ak privilèj asosye.
- **Aksè Privilejye** – Aksè privilejye wo nivo, tankou “root”, “sipè itilizatè”, oswa “admin” rezève espesyalman pou administratè sistèm yo.
- **Aksè pou moun ki pa nan Pèsònèl Cleveland Clinic la** – Konsiltan kontraktè yo, founisè yo, elatriye dwe siyen yon Akò Non-Divilgasyon epi dwe resevwa otorizasyon apwopriye pou aksè

| | | | | |
|---|---------------------------------------|---|---|---------|
| Dat Efektif: 15/08/1995 26/07/2013 | Dat Piblikasyon: 01/08/1990 | Moun ki Prepare li a: Mark Dill | Apwobasyon:  J. Patrnochak | 3 sou 5 |
|---|---------------------------------------|---|---|---------|

Politik ak Pwosedri Resous Zimèn pou Tout Antrepriz la

| Sijè: | Anplwaye ki Afekte yo: | Politik # | Rev. |
|---------------------|------------------------|-----------|------|
| SEKIRITE ENFOMASYON | Tout | HREW | 2 |

nan men administrasyon Cleveland Clinic.

- **Aksè a Distans** – Y ap bay anplwaye ak lòt moun ki gen yon bezwen biznis valid yo aksè a distans lè yo gen otorizasyon apwopriye. Nan nivo sa posib, y ap bay aksè sèlman ak resous ki obligatwa yo. Tout itilizatè yo ta dwe swiv tout politik ak pwosedri aksè a distans yo.
- **Odinatè san Siveyans** – Tout estasyon travay Cleveland Clinic twouve yo nan zòn ki aksesib ak piblik lan oswa ki genyen done sansib dwe konfigire yon fason pou dekonekte otomatikman apre yon peròd tan rezonab ki detèmine alavans (yon ekran sovga ki otorize se yon altènativ akseptab).
- **Odinatè ki pa Otorize** – Odinatè pèsonèl yo pote nan lokal Cleveland Clinic lan dwe respekte politik Cleveland Clinic yo pou itilizasyon ak konektivite . Tout òdinatè sa yo dwe genyen menm nivo kontwòl teknik ki enstale (konfigirasyon, jesyon patch, ak antiviris).
- **Koneksyon ki pa Sou Rezo (modèm ak sanfil)** – Koneksyon dirèk ak òdinatè Cleveland Clinic yo pa mwayen koneksyon modèm oswa san fil k ap kontoune konektivite ak sekirite rezo a entèdi.
- **Rezotaj Ak Fil oswa Sanfil** – Enstalasyon pwen aksè sanfil ak sistèm san fil nan lokal Cleveland Clinic yo san otorizasyon apwopriye fòmèlman entèdi. Itilizasyon san otorizasyon pwen aksè sanfil ak sistèm sanfil pou fè pon oswa pataje rezo Cleveland Clinic yo fòmèlman entèdi tou.

Konfòmite Founisè


Anplwaye Cleveland Clinic yo dwe fè yon efò rezonab pou mete founisè yo okouran politik Sekirite Enfòmasyon Cleveland Clinic sa a, epi pou yo egzije founisè yo pou yo respekte tout politik, estanda, ak pwosedri ki genyen nan pwogram Sekirite Enfòmasyon Cleveland Clinic la.

Sekirite Enfòmasyon yo ki Konsidere nan Revizyon sou Pèfòmans Anplwaye an

Konfòmite ak politik sekirite enfòmasyon yo ak pwosedri yo se yon konsiderasyon nan tout revizyon sou pèfòmans anplwaye ki enpòtan (Revizyon Nouvo Anplwaye, Revizyon sou Mitan Ane an, Revizyon Pèfòmans Anyèl).

Swivi sou Konfòmite, Ankèt, ak Aksyon Disiplinè

Swivi sou Konfòmite ki pral fèt sou yon baz peryodik pou bay yon asirans rezonab inite òganizasyonèl yo ap fonksyone nan yon fason ki konfòm ak egzijans ki defini nan sa a ak lòt politik sekirite enfòmasyon ki lye yo. Akizasyon piblikasyon oswa diskisyon ki pa otorize sou nenpòt enfòmasyon ki gen rapò ak aktivite biznis Cleveland Clinic yo, enfòmasyon medikal pasyan an, anplwaye aktyèl ak ansyen yo epi kandida pou travay yo. Nenpòt zak malonèt ki detwi oswa konpwomèt nenpòt kalite done se yon bagay serye epi ki pral debouche sou aksyon korektif, jiska epi li gen ladann revokasyon ak posiblite akizasyon kriminèl. Kanta zafè disiplinè ki soti nan vyolasyon egzijans sekirite enfòmasyon yo se jesyonè lokal yo ki ap travay ansanm ak Resous Zimèn k ap jere sa.

| | | | | |
|---|---------------------------------------|---|---|---------|
| Dat Efektif: 15/08/1995 26/07/2013 | Dat Piblikasyon: 01/08/1990 | Moun ki Prepare li a: Mark Dill | Apwobasyon:  J. Patrnochak | 4 sou 5 |
|---|---------------------------------------|---|---|---------|

Politik ak Pwosedir Resous Zimèn pou Tout Antrepriz la

| | | | |
|-------------------------------------|---------------------------------------|--------------------------|------------------|
| Sijè: SEKIRITE ENFOMASYON | Anplwaye ki Afekte yo: Tout | Politik # HREW | Rev. 2 |
|-------------------------------------|---------------------------------------|--------------------------|------------------|

Enfòmasyon Kontak

Tout kesyon ak enkyetid sou sekirite enfòmasyon Cleveland Clinic yo ta dwe al jwenn youn nan moun ki swiv yo:

- Direktè Depatman Sekirite Enfòmasyon Cleveland Clinic lan: 216-738-4307
- Jesyonè Depatman Sekirite Enfòmasyon Cleveland Clinic lan: 216-738-4307
- Asistans Enfòmasyon sou Entènèt Cleveland Clinic lan: 216-738-4357

BIWO K AP PIBLIYE A


Depatman Sekirite Enfòmasyon ITD ak Relasyon Anplwaye, Resous Zimèn

REFERANS POLITIK

Aksyon Korektif
Sekirite Enfòmasyon Jeneral yo 900
Enfòmasyon ak Sistèm Klasifikasyon 905
Kontwòl Aksè 925
Itilizasyon Akseptab Enfòmasyon yo 935

SITASYON

- 45 CFR Seksyon 142.308(a)(10)
- 45 CFR Seksyon 142.3088(a)(7)
- 45 CFR Seksyon 142.308(a)(12)

| | | | | |
|---|---------------------------------------|---|---|---------|
| Dat Efektif: 15/08/1995 26/07/2013 | Dat Publikasyon: 01/08/1990 | Moun ki Prepare li a: Mark Dill | Apwobasyon:  J. Patranchak | 5 sou 5 |
|---|---------------------------------------|---|---|---------|